



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 31 desanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SERI APLIKASYON POU \$4 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU EFIKASITE GOUVÈNMAN LOKAL YO**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse \$4 milyon dola pou Pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal (LGE) 2012-2013 pou ede gouvènman lokal yo jwenn fason tounèf pou redui depans gouvènman lokal yo epi pou ekonomize lajan kontribiyab yo nan konsolidasyon ak re-òganizasyon. Pwogram konpetitif la se pati ajanda Gouvènè a pou redui taks kay epi pou diminye kantite pòs gouvènman an. Depatman Eta a te pibliye yon Demann pou Aplikasyon pou Minisipalite yo aplike pou pwogram nan.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Nan ekonomi sa a, gouvènman nan tout nivo yo dwe kontinye jwenn fason tounèf pou ogmante nèt itilizasyon chak dola taks epitou pou redui depans yo. Pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal la bay avantaj finansye ak èd enpòtan pou pouse minisipalite yo fè sa - kit se nan re-òganizasyon ak konsolidasyon, yon fason pou nou kapab sèvi Nouyòkè yo ak diminye fado fiskal la sou fanmi ak biznis nou yo."

Sekretè Eta Cesar Perales di konsa, "Mwen kontan pou anonse minisipalite yo yon fwa ankò ap jwenn opòtinite pou fè konpetisyon pou nouvo èd finansman anba Pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal la." Depatman Eta a gen volonte pou travay avèk gouvènman lokal yo pou ede yo idantifye ak aplike aksyon estratejik k ap fasilite yon rediksyon nan depans minisipal yo ak gwo ekonomi lajan pou kontribiyab yo."

Yo prevwa pwojè ki finanse anba pwogram sibvansyon LGE ane pase a pral bay ekonomi lajan sou anpil ane pou \$45 milyon dola, yon ranman dis-pou-youn sou investisman eta a fè yon sèl fwa pou \$4 milyon dola. Depi kòmansman pwogram nan, plis pase 350 pwojè te finanse avèk yon enpak yo prevwa pou plis pase \$550 milyon dola sou depans lokal yo pivevan.

Sekretè Eta Adjwen pou Sèvis Gouvènman Lokal, Dierdre Scozzafava, di konsa, "Nan chak nivo gouvènman an, youn dwe kontinye defye lòt la pou devlope nouvo sèvis ak metòd livrezon sèvis, kèlkeswa limit minisipal nou, pou asire gouvènman yo kapab sipòte ekonomi konpetitif yo. Pwogram Efikasite Gouvènman Lokal la rete yon resous teknik ak finansye ki disponib pou ofisyèl lokal nou yo pou ede yo egzekite pwojè k ap jwenn nouvo opòtinite pou redui depans yo epitou pou ogmante

Haitian Creole

konpetitivite rejyonal la.”

Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal se sibvansyon konpetitif pou gouvènman lokal yo k ap ede redui depans minisipal yo ak taks kay lè yo ede òganizasyon gouvènman lokal yo planifye pou efikasite nan livrezon nouvo sèvis la, epitou pou aplike yo. Anba pwogram nan, gouvènman lokal yo ka aplike pou:

Asistans pou devlope plan pou egzekisyon ak/oswa pou egzekite pwojè tankou: konsolidasyon oswa disolisyon, konsolidasyon fonksyonèl, revizyon konstitisyon vil la oswa konte a ki gen ladan konsolidasyon fonksyonèl, sèvis komen oswa koperatif, ak livrezon sèvis selon rejyon.

Aplikasyon re-òganizasyon entèn oswa modifikasyon nan livrezon sèvis pou gouvènman lokal ki te gen yon defisi nan depans fonksyonman nan chak nan twa (3) ane yo oswa ki pa t kapab limite kwasans nan prelevman taks kay a mwens pase de (2) pousan nan chak nan twa (3) dènye ane yo.

John T. McDonald III, Majistra Vil Cohoes, di konsa, “Pwogram sibvansyon LGE bay gouvènman lokal yo tankou gouvènman pa nou an opòtinite pou fè yon evalyasyon operasyon ki baze sou prèv, epi avèk enfòmasyon sa yo, sa ap pèmèt gouvènman lokal yo pran desizyon sou fason ki pi bon pou bay sèvis yo nan metòd ki pi efikas pou kontribiyab ak sitwayen yo. Dènye efò nou yo jan li endike nan Deplwaman 911 isit la nan Vil Cohoes te fasilite yon transfè fonksyon sa a nan Konte Albany pou pèmèt vin gen yon ekonomi lajan pou plis pase \$300.000 chak ane pou kontribiyab Cohoes yo, pa konpresyon nan kantite anplwaye ki la deja epitou pa diminisyon nan sèvis pou sitwayen nou yo. Yon vrè Gayan-Gayan!”

Carol Weaver, Majistra Vilaj Kinderhook, di konsa, “Avèk asistans Sibvansyon pou Efikasite nan Gouvènman Lokal Eta New York, Vilaj Kinderhook te kapab vanse avèk yon sistèm eliminasyon dlo ize pou 35 pwopriyete nan Vilaj la. Sibvansyon an te pèmèt Vilaj la travay avèk Vilaj Valatie ki te dakò pou aksepte dlo ize nan Vilaj nou an. San sibvansyon sa a, li pa te posib pou gen yon sistèm dlo ize pou yon ti kantite itilizatè konsa. Sibvansyon an te pèmèt vin gen ekonomi ki fèt nan lajan kontribiyab yo.”

Cherif Konte Niagara, James R. Voutour, di konsa, “Nan moman difisil sa yo, gouvènman yo dwe konsidere fason pou gwoupe ak pataje sèvis la. Mwen bat bravo pou Majistra Robert Ortt ak Chèf Lapolis Randy Szukala pou prevwayans ak sipò yo nan gwoupe deplwaman lapolis yo nan Sant 911 Konte Niagara. Nan eksperyans mwen fè ak nan wòl mwen jwe kòm Cherif Konte Niagara, mwen vrèman konprann avantaj pwojè gwoupman sa a. Mwen vle di mèsè pou Depatman-Deta Eta New York poutèt yo bay konte noun an \$400.000 dola nan Pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal ane sa a.

Pou seri sa a, yon total \$4 milyon dola disponib pou Pwogram Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal. Minisipalite yo kapab resevwa yon maksimòm \$200.000 pou chak pwojè. Aplikasyon yo dwe montre ekonomi lajan nan gouvènman lokal la ak nan lajan kontribiyab li yo, yon ranman pozitif sou envestisman piblik, ak amelyorasyon pwogresif ki ka mezire nan jesyon pou fasilite egzekisyon pwojè. Dat limit soumisyon an pou Sibvansyon pou Efikasite Gouvènman Lokal la se 4:00 p.m. nan dat 13 mas 2013.

Haitian Creole

Aplikasyon yo disponib sou nan sitwèb DOS nan <http://www.dos.ny.gov/funding/>. Fiti aplikan yo kapab jwenn aplikasyon yo tou depi yo rele (518) 473-3355 oswa 1-800-367-8488.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418